# Sañ-sañi

# Boroom Biznes

Ngir wone kóllëre gu Dëkku New York am ci jox waa New York sarwiisu jëfandikukat bu baax lool, Biro Meyor bi ak Kureelu Dëkk bi sos nañu Sañ-sañi Boroom Biznes (Business Owner's Bill of Rights).

Ni nga nekk boroom biznes ci Dëkku New York, am nga:

- Sañ-sañu jot xibaar yi, jumtukaay yi, yombal yi ak fursa yi sa biznes soxla ngir mana xeex ak yokku ci Dëkku New York.
- Sañ-sañu jot xibaar ci yeneen làkk yu dul Àngale
- Sañ-sañu ñu seet politig yi, sàrt yi ak dogal yi aju ci doxal yoon, ci anam gu jàppale biznes yu ndaw
- Sañ-sañu jot ndimbal bu ànd ak waxtu te kuréeli dëkk bi di liggéeyandoo, ngir wone wormaal waxtu boroom biznes yi
- Sañ-sañu jot xibaar bu leer te yomb a xam ci sàrt yi ak li ñuy laaj
- Sañ-sañu ñu def seet yi ak doxal yoon ci anam gu jub, di sax te àndoo ci diggante kuréeli dëkk bi
- Sañ-sañu ñu la jëfe ak wormaal ak anam wu profesiyoneel, ci liggéeykat bu Dëkku New York bu am xam-xam te am kennuuy xamle bu leer
- Sañ-sañu jot ndigël ak njàng mu leer ngir jubbanti jafe-jafe yi balaa ñuy teg mbugal, bu manee am
- Sañ-sañu jot leeral gu leer ci yàq sàrt yi, jéego yi ñuy jubbantee ak tànneef yi ngir weddi walla dencaat dogal yi
- Sañ-sañu laaj sarwiisu tekki-làkk ngir seet yi ak dégg-dëgg ak nattu yu administaraasiyoŋ, boole ci ndaje yi jiitu nattu ak waxtaanu déggoo yi

---

- Sañ-sañu joxe xalaat ci sa jëfandikoo ak nguuru dëkk bi ci anam gu sa tur xamukoo, te doo ragal benn mbugal walla feyu bopp

Soo jotul sarwiis bu topp Sañ-sañi Boroom Biznes, jëfandikool jumtukaayu xalaatu dëkk bi, nga tann «Contact Us» (Jokkoo ak nun). Xibaar yi ñu yonnee jaarale ko ci Ab saytu ci wàllu sarwiisu jëfandikukat yi (nyc.gov/customersurvey) mën nañu ko séddoo ci diggante kuréeli dëkk bi ngir gën a baaxal sarwiis yi ñeel boroom biznes yi.